



Pou Piblikasyon Imedya: 16/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE GAD FORÈ DEC YO POU EDE AK DIFE NAN FORÈ NAN KALIFÒNI YON

Ekip 10 Gad Forè yo nan direksyon Los Angeles pou rejwenn ponpye k ap travay pou konbat dife nan forè yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon ekip 10 Gad Forè Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la ap vwayaje pou Kalifòni pou ede nan efò aktyèl yo pou frennen dife nan forè k ap fè raj nan Los Angeles. Gad Forè yo te kite Albany maten sa a pou sa yo prevwa ki ta dwe yon misyon de semèn.

"Lè lòt eta ak nasyon yo mande èd Nouyòk, nou toujou prepare pou nou voye èd," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gad Forè Ekspè nan Nouyòk yo nan konbat dife nan forè yo te enpasyon pou yo reponn apèl la epi pral fè sa yo kapab pou ede reponn ak evastasyon ekstraòdinè a anndan ak alantou Los Angeles. Mwen remèsye yo pou kouraj yo epi pa ka tann pou wè yo retounen an sekirite."

Eta Nouyòk souvan deplwaye ponpye forè ki byen fòme pou ede konbat dife nan lòt eta ak nasyon nan kad akò entè-eta ak entènasyonal pou konbat dife yo. Nan Sid Kalifòni, dife yo te touye apeprè 25 moun jiska dat, te boule plis pase 16,187 ekta tè ak detwi plis pase 12,000 estrikti. Dife yo te kòmanse nan 7 janvyè, epi se van Santa Ana ki te alimante yo.

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal (DEC) la, Sean Mahar, te deklare, "Gad Forè DEC yo se ponpye ki gen anpil fòmasyon ki prepare pou sèvi ak ekspètiz yo pou ede kominote ki nan bezwen yo chak fwa yo resevwa apèl la. Mwen apresye Gad yo paske yo entèveni pou fè fas a danje epi ranfòse efò ponpye ki soti toupatou nan peyi Etazini, Meksik, Kanada, ak lòt nasyon yo pou konbat dife nan forè destriktif sa yo."

An 1979, Nouyòk te voye premye ekip ponpye li a pou al ede eta zòn lwès yo konbat gwo dife nan forè yo. An mwayèn, yo konn deplwaye youn oswa de ekip, jan sa nesèsè, pou ede metrize dife nan forè chak ane. Anplis ede frennen dife nan forè yo epi minimize domaj sou moun ak pwopriyete yo, ekip sa yo gen bon jan eksperyans ki pral itilize pou konbat dife nan forè yo ak jere ensidan nan Nouyòk yo.

Sèvis Forestye Ameriken an ap peye dirèkteman tout pèsonèl ak pou depans vwayaj pou ekip Nouyòk yo oswa l ap ranbouse Eta Nouyòk dapre yon akò èd mityèl ant eta yo ak ajans fonsye federal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)